

## HAI 2201 EXAM II NOTES:

**Remember: Creole is the Way, the Truth and the Light.**

### Restavèk 11

1. Poukisa Bobi blije kite kay Mod ak Lwi?
2. Kote Bobi ale?
3. Madan Lawòch te mande Bobi swiv ki moun epi poukisa?
4. Bobi dwe pare pou ki gwo vwayaj?
5. Kisa l dwe fè pou pare vwayaj sa a?
6. Nonmen kèk kote Bobi ale pou pare vwayaj li.
7. Èske Bobi vin rekonsilye ak papa l?
8. Ki moun nan fanmi ni Bobi wè nan chapit sa a?

li **bimen** m ak tab la

fènwa a te **pwès**

**Nanpwèn** mwayen

Florans t ap **vwazinen**

yon ti koulèv t ap **glise èsès...**

Mod vin **met ola**

tounen yon ti **sitirè** ki gen yon sèl **pratik**

m lonje l ba li

### Restavèk, Chapit 12

1. Sa k rive Bobi nan avyon an?
2. Ki moun ki akeyi l nan èpòt la?
3. Ki moun ki pa t vle Bobi Ozetazini? Ki moun ki di l sa?
4. Ki jan Florans trete Bobi kounyeya?
5. Kisa Bobi fè kòm si l toujou Ayiti?
6. Ki travay Deni ak Liz te konn fè?
7. Ki jan Bobi wè lekòl la? Dekri lekòl la.
8. Ki diferans lekòl la genyen ak sa l konnen Ayiti a?
9. Ki jan Bobi twouve lang angle a?
10. Ki diferans ki genyen ant jan yo vann poul ant de peyi yo?
11. Ki bagay sou ras Bobi aprann nan lekòl la?
12. Lè Bobi ale nan Ayskoul, pouki l pa vle pale ak lòt ayisyen yo?
13. Ki pwoblèm rasyal Bobi remake nan lekòl la?
14. Sa k enpoze Bobi pale ak fi blanch la?

15. Ki pwoblèm grann Teri te genyen ak Bobi?  
16. Sa k rive ant Bobi ak manadjè l la?

### **Vokabilè**

yon blan ant dezaj  
pànye woulèt  
yon ti briz tyèd  
li ranje yo sou touch yo  
nan angle wòwòt mwen  
li t ap tann yon woulib  
yo mare min yo...  
m pa jwenn anyen, ata yon penich wouj  
sal datant lan  
yon ti desann sibit  
ivè  
yon ti bonjou raz  
m ap mache swiv koulwa long...

### **Restavèk chapit 13**

1. Dekri pwoblèm Bobi vin genyen nan konmansman chapit sa a.
2. Poukisa Bobi pè yo?
3. Poukisa yo mete Bobi deyò a?
4. Lè yo mete l deyò, kote l ale?
5. Kisa konseye a di l pou l fè?
6. Èske Bobi kontan avèk nouvo sitiyasyon l?
7. Kisa l deside fè?
8. Dekri Edi. Èske se yon moun saj?
9. Ki bagay Bobi fè nan fen chapit la? Poukisa l fè sa?

yon ti **gòje**  
ala ou **odasye**  
yon djòb **moso jounen**  
nou pa kab **sitire** kalite konpòtman sa a  
**kawosri** machin  
je m fè m vin wè **toub**  
**sereng**  
randevou **lavèy oswa**  
lajan m **touche** a  
yo gade m kòm yon **tchonnèl**

**lapoula**, Liz desann...

***Pouki se mwen?***

1. Kisa zanmi Jako vle fè ak li?
2. Kisa Jako toujou refize fè ak zanmi l yo?
3. Èske Jako di matant Selinèt laverite sou sa l pral fè? Kisa l di l?
4. Kisa gason yo ofri l lè yo wè l?
5. Kote yo ale?
6. Kisa y ap fè la a?
7. Ki moun ki wè Jako nan fèt la?
8. Poukisa Jako pa vle fè bagay ak fi a?
9. Kisa Chantal di l?

**Restavèk chapit 14 ~ Lame Ameriken**

1. Kisa Bobi pral fè apre gradyasyon l lan?
2. Kote l t ap travay? Èske l renmen travay sa a?
3. Ki kalite kesyon yo poze Bobi anvan yo kite l antre nan lame ameriken?
4. Poukisa yo pran Bobi kòm yon ‘Gomè Pay’?
5. Ki wont Bobi te santi nan kazèn? Ki jan l te adrese pwoblèm sa a?
6. Dekri solda ki te nan lame avèk Bobi?
7. Ki pwoblèm Bobi gen ak moun yo?
8. Ki pwomosyon Bobi asepte?
9. Ki jan nwa ameriken rele yonn ak lòt? Epi blan ameriken?
10. Ki onè Bobi resevwa lè l gradye nan antrènman
11. Ki edikasyon pwofesyonèl Bobi pran nan militè a?
12. Bobi ta renmen vin ki kalite sòlda?

**Vokabilè**

**etamajò**

**fanfa a**

**channti**

kèk sòlda **kraze yon kite sa**

**yon pòy** sigarèt marigwana

**yo kenbe kiyè yo long ak mwen**

**kwoke kwòk la**

m resevwa **konsiy** mwen



## Restavèk chapit 15, “Premye kominyon anfen”

**Si ou pa konnen mo a, ou bwè pwa [-1]**

**Si ou bay mo a, ou jwenn yon pwen [+1]**

**Si ou ekri mo a byen, ou a jwenn yon pwen sou sa [+1]**

### Mwen te melanje lòd mo yo

**lapoula** m tonbe kriye

**li mò rèd**

**omonye** batize mwen

trase yon kwa sou **fontenn** mwen

**sèjan**

**berè vèt**

**aplikatè koton**

**alawotè**

andedan m **frèt**

mwen **ploye** padsi mwen an

**anchaje**

kò **vide atè**

fim **karate konnfou**

savon nan yon **fisèl**

yon **mès bas**

ou gen **kakarèl**

**ekoulman**

m vle kreye yon rapò avè l **dekwa** pou anndan kè m ta sispann ret vid

dyanman ap fè **tensèl**

**dyanman**

kostim mwen sot nan **dray**

dis fwa **lavalè** kous la

**Kowet**

**Arabi Sawoudit**

**benefisye** byen yon moun

ban m **egzeyat**

yon fout **salopri** ti sen

abiye tankou **awona**

cheve jòn ki **depaman** ak...

**dwèt bouwo**

m al nan ti **lamwa m nan**

**kazèn nan**

1. Kisa Bobi vle fè legliz la?
2. Èske Bobi deja batize? Dekri sitiyasyon an.
3. Kijan Bobi rele kaporal blan an?
4. Ki gwo aksyon Bobi pran nan chapit sa a?
5. Èske ou kwè se yon bagay saj Bobi fè ?
6. Ki bagay Bobi fè espere ?
7. Kijan chapit la fini?

## Restavèk, chapit 16

1. Nan ki batayon yon voye Kadè? apye
2. Kijan Kadè vin natiralize?
3. Ki chanjman Kadè pral fè nan vi militè l la? konmando
4. Ki diferans konmando a genyen konpare ak lòt militè yo?
5. Ki objèktif Kadè genyen pou lavni li?
6. Ki moun ki envite Kadè lakay li pou Tenksgivin? anwole Keli
7. Poukisa Kadè konpòte li menm konsa lakay moun sa yo?
8. Ki konsekans sa genyen?

## Kisa mo kreyòl la vle di?

sanbe ou <b>egzat</b>	a) exact b) exacting
lonje kat didantite l <b>ban</b> mwen	a) give b) for c) to
èske se isi a ou <b>kazène</b>	a) live b) barracked
yo <b>mache bobis</b>	a) strut around b) trot
yon espès respè ki <b>kore</b> tèt yo	a) pulses b) supports
tat jòmou/joumou ak <b>klou jewòf</b>	a) nutmeg b) clove
lè m wè kalite <b>vivasyon</b>	a) liveliness b) affection
vid nan lestomak mwen an <b>laji</b>	a) lengthened b) enlarged
M chita sou yon <b>chouk bwa</b>	a) trunk b) log c) swing
tèt <b>kale</b>	a) shaved b) beaten

## Restavèk, Chapit 17-Dènnye pawòl

- 1) Liste kèk mizè Kadè pase apre l gradye nan Inivèsite a.
- 2) Ki pi gwo pwoblèm l ap konfwonte?
- 3) Sa k rive ak konpayèl kay li, Wòs? Ki sa l fè Wòs? Poukisa?
- 4) Kisa l aprann nan lekòl la? Kisa ki pwoteje Ozetazini?
- 5) Kisa Djèf bezwen fè ak Kadè?
- 6) Dekri djòb li nan biwo enpòtasyon
- 7) Sa k rive nan magazen mòflè a kote l t ap travay?
- 8) Sa k rive ak Ari, konpayèl apatman li?
- 9) Kisa ki t ap toujou pouswiv Kadè?
- 10) Kisa nou aprann nan liv sa a?

Kwiz: [24 pts]

CHOOSE 1:

### A. Vocabulary [1 pt each]

- |                                         |                              |
|-----------------------------------------|------------------------------|
| 1. <b>tondèz elektrik</b>               | lawn mower / hair clipper    |
| 2. se <b>an belijeran</b> li di m sa    | beligerently / sweetly       |
| 3. figi l fin <b>pran chenn</b>         | got wound up / became elated |
| 4. move rèv <b>anpare</b> m             | disappeared / took hold of   |
| 5. yon <b>toutou</b>                    | kitty / puppy                |
| 6. <b>poubwa</b>                        | type of drink / tip          |
| 7. <b>papye degèpisman</b>              | warrant / eviction notice    |
| 8. manman m gen yon <b>chouchou</b> ... | expensive purse / genitals   |
| 9. lèlmi ki <b>viwonnen</b> l           | attack / surround            |
| 10. Sant <b>mwazi</b> pike nen m        | rotting garbage / mildew     |
| 11. <b>Bat bouda w</b>                  | beat it / spank yourself     |
| 12. <b>kabouya</b> nèg nwa Wats         | bad habits / upheaval        |

### A. Translate [2 pts each]

13. faktè a
14. li te twaze m depi anwo jis anba...

### C. Kesyon:

15. Ki djòb Kadè fin genyen alafen liv la? Ki sa l fè nan djòb la? [4 pts]
16. Di de gwo bagay ki rive Kadè nan fen liv la? [4 pts]

## Agasya Chwal Simbi, 1-9

Emile Célestin Mégie ~ “Sosyete Koukouy”  
*Lanmou pa gen baryè* (1976)

### **Objektif Mégie:**

- Entèprete kilti ayisyen an
- Devlope yon literati kreyòl ki adrese fenomèn kreyòl
- Louvri yon deba; etidye yon sistèm kiltirèl (vodou)
- Kataloge epi klasifye aspè nan kilti ayisyen an
- Pratike lar
- Amize tèt lektè yo; fè kòb

### **Kesyon yo**

1. Ki kalite istwa ou ap tann nan liv sa a?
2. Kote chirepit la?
3. Nan ki klas sosyal Agasya leve?
4. Kisa ki enterese l? Kisa l gen lakay li?
5. Kote Agasya ale nan chapit 2?
6. Dekri ki kalite bagay li wè ak tande.
7. Sa k rive Agasya nan fen dans vodou sa a?
8. Kote Agasya ale jou dimanch la?
9. Kisa l fè la? Sa k pase la a?

### **Vokabilè**

bèl epi malouk anmenmtan

bouyivide

/ careless, slipshod

angonse

tandans kontrè k ap **rale mennen kase** / **free for all**

li te ba yo de choukèt...

Agasya 1-9 kontinye

fè lavironn [*laviwonn*] potomitan an  
djayi, tonbe lwa  
li te dekonstonbre  
litani sen  
lespri l anboulatcha  
pete youn ekla ri  
gade youn tentennad!  
antonnen premye nòt la  
li espante

“Youn makònay fòmasyon natifnatal ak fòmasyon oksidantal”

“kilti depaman nan fòlman youn nanchon k ap bouske chimen pwogrè”

“youn chir

### Agasya Chwal Simbi: 10 – 22

di yon moun yon sekre  
replike, reponn yon moun  
yon moun gen de kote  
chan legliz  
angonse nan yon bagay  
piti (mwen pou yon fi)  
anpil pouvwa  
li yon liv  
tranble  
mo pou timoun nan vodou

li te **avwe** yo  
Agasya **retòke**  
se moun **adefas**  
**kantik** katolik  
al **anfèje** l nan bibliyotèk la  
men, **mafi**, moun pa ka...  
**toupisan**  
**feyte**  
**tresayman**  
**ayovi**

gade yon moun yon fason grav bèl òtograf 15 minit yon tèz lè ou renmen yon bagay maji ou pa ka wè Yon mo ki fèt ak premye lèt nan yon bann mo	figi yo byen <b>mòksi (mòksis)</b> <b>kaligrafye</b> ti <b>kadè</b> <b>memwadsòti</b> li pa te kapab pa <b>antiche</b> <b>voye pwen</b>  fòmè yon <b>sig</b>
--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------	-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------

### **Kesyon yo**

Ki kote yo rete?	Marigo
Poukisa fanmi Agasya preyokipe?	Sa k te pase legliz la
Kijan papa ak manman l rele?	Kesni ak Jerilya
Ki wòl lwa yo genyen vizavi Bondye	entèmedyè
Èske Agasya gen yon lide pozitif sou Vodou?	'liyòrans pèp la' (15)
Èske fanmi Agasya kontan ak kiriyosite l?	Pa vrèman.
Èske yo pral tolere sa l vle fè a?	Wi. Lè fini, yo ede l.
Ki kalite bagay Agasya fòmè? Poukisa?	SEVA

### **Agasya Chwal Simbi, 23-33**

1. Kisa fanmi Agasya òganize?
2. Ki moun ki pale nan randevou a?
3. Ki pèspektiv sou Vodou moun nan randevou a te bay?
4. Ki efè reyinon an genyen sou Agasya ak fanmi l?
5. Kijan monpè Franse-Breton reyaji?
6. Èske yo dekouraje pou sa?
7. Kote Agasya renmen ale pou l aprann plis sou Vodou?

Politeyis	Hendouyism
Monoteyis	Islamism
Animis	Jidayism
Boudism	Jayinism

Bramanism	Konfisyanism
Chamanism	Krisyanism
Druidism	Manicheyism
Fetichism	Paganism

### **Vokabilè**

dijere tout **kontni**

fè **fouyapòt**

jennjan **eklere**

zafè **lamanjay**

moun chita an **demisèk**

pou n koumanse **divèti** nou

tanmen **debouche** kola

**makanda, chòchelri**

bwi **ajantri** ak bwi bouch k ap **gwouye**

entèvni pou **mete ola**

se yo ki **braye** plis

reyinyon **woy-woy**

**fèse ou atè**

bann **awouya**-chanpwèl

**fyasko** reyinyon an

kenbe l **fèmalaganach**

## Agasya Chwal Simbi, 34-47

1. Ki santiman Agasya genyen pou Solon?
2. Eske paran Agasya dwe kite l fè sa l vle nan koze relijyon?
3. Kisa Agasya vle Solon fè avè l? Èske Solon dakò?
4. Èske Agasya ap di paran l sa l ap fè?
5. Ki laj Agasya genyen?
6. Ki jan yo rele gangan an?
7. Poukisa Agasya chwazi li menm?
8. Ki grad Agasya pral pran nan sobagi a?
9. Dekri kèk bagay Agasya dwe fè nan sobagi a.
10. Nonmen kèk bagay ou kapab jwenn nan sobagi a.

### **Vokabilè an ekip...**

- |                                    |                    |
|------------------------------------|--------------------|
| 1. to walk around the perimeter... | fè viwonn          |
| 2. to mutter                       | mamonnen           |
| 3. to rant on...                   | deblatere          |
| 4. a kiss                          | you beko           |
| 5. she was interwoven with...      | makònen            |
| 6. to be lulled in sleep           | dodomeya           |
| 7. huge honking something          | yon kokennchenn... |
| 8. event                           | evennman           |
| 9. stomach in his mouth, stressed  | kè sou biskèt      |
| 10. take a break                   | pran youn kanpo    |

**Lesson plans for 60-76 temporarily missing (Don't *kalonnen* me!!!)**

## Agasya 60-76

1. Sa k pase lè Agasya ak Solon t ap di Milo ak fanmi li orevwa?
2. Kisa ki mete lespri fanmi Agasya anboulatcha?
3. Kesni panse Agasya ak Solon ap fè ki bagay? Lib...
4. Kijan Solon te vwayaje nan Saltwou?
5. Poukisa Agasya ak Solon pa vle rantre nan kamyon an ansanm?
6. Kisa Agasya fè lè l rantre?
7. Si li te pitit ou, kisa ou t ap fè akòz sa?
8. Èske yon moun ki gen 20 an, 22 an gen dwa fè sa l vle?

### **Vokabilè:**

anbachal	wou	ve	kolibèt
pwen	ton	rekile	bak

1. se \_\_\_\_\_ w, mwen pa ta kapab pa kontan
2. m t ap gen tan mouri anvan \_\_\_\_\_ sa a kaba
3. foure bwa nan \_\_\_\_\_ ou
4. nanpwen fè \_\_\_\_\_ ankò
5. Se yon chanson \_\_\_\_\_ ki genyen youn terib sinifikasyon
6. Yo souri \_\_\_\_\_
7. sou yon \_\_\_\_\_ emab
8. jenn moun pa \_\_\_\_\_ devan okenn zak

wose	wèl	trenbale	voksal
malouk	retanti	dekana	apèsi

9. se lanmou ki nan \_\_\_\_\_ yo
10. yon vye kamyon \_\_\_\_\_ m
11. Wilbè \_\_\_\_\_ zepòl li
12. wout mwen sot fè a \_\_\_\_\_ anpil
13. komèt yon parèy \_\_\_\_\_
14. vwa Solon \_\_\_\_\_ nan chanm nan
15. jwenn agreman \_\_\_\_\_
16. ban m youn \_\_\_\_\_